CENTRAL ASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH IF=8.8

Volume 4, Issue 04, Part 3 April 2026




# GÚMAN QÍLÍNÍWSHÍ HÁM AYÍPLANÍWSHÍNÍŃ HUQÍQLARÍN QORǴAWDA ADVOKATTÍŃ PROCESSUAL STATUSÍNÍŃ ÓZGESHELIKLERI

**Utegenov Maqsetbay Tolegen ulı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
Magistratura bólimi Advokatlıq iskerligi qánigeligi 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.19967856

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 26-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 28-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 30-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**

*advokat, qorǵaw huqıqı, gúman qılınıwshı, ayıplanıwshı, processual status, jınayat processi, dáliller, processual teńlik.*

**ABSTRACT**

*Bul ilimiy maqalada Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual nızamshılıǵı tiykarında gúman qılınıwshı hám ayıplanıwshınıń huqıqların támiyinlewde advokattıń processual qatnasıwı, onıń wákillikleri hám qorǵaw funkciyasınıń ózine tán tárepleri analizlenedi. Sonıń menen birge, advokat iskerligin ámelge asırıwda ushırasatuǵın ámeliy mashqalalar ashıp berilip, olardı saplastırıwǵa qaratılǵan usınıslar alǵa qoyıladı.*

Jınayat processinde gúman qılınıwshı hám ayıplanıwshınıń huqıqların támiyinlew mámlekettiń tiykarǵı wazıypalarınan biri esaplanadı. Bul huqıqlardı real ámelge asırıwda advokattıń processual qatnasıwı sheshiwshi áhmiyetke iye. Nızamshılıqqa muwapıq, hár bir shaxs ózin qorǵaw yamasa advokat járdeminen paydalanıw huqıqına iye[1]. Bul norma advokat qatnasıwınıń konstituciyalıq tiykarın quraydı.

Advokattıń gúman qılınıwshı hám ayıplanıwshınıń huqıqların qorǵawdaǵı processual statusınıń ózgeshelikleri tómendegi jaǵdaylarda kórinedi: a) advokat professional qorǵawshı; b) ádil sudlawdı ámelge asırıwda haqıyqatlıqtı anıqlawga járdem beredi; v) sud-tergew uyımları tárepinen shaxsqa qarata nızamsız usıllardan paydalanıwdıń aldın aladı, tuwrılaydı, g) ayıpker shaxstıń háreketlerin huqıqıy bahalaw hám onıń qılmısına qaray ádil sudlawdı ámelge asırıwda, jaza tayınlawǵa járdem beredi; d) advokat jámiyet agzalarınıń huqıqıy sanasın rawajlandırıw hám puqaralardıń huqıqıy mádeniyatın joqarılatıwǵa xizmet qıladı.

Jınayat processual kodeksine muwapıq shaxstıń dáslep gúman qılınıwshı keyin bolsa ayıplanıwshı retinde iske tartılıwı óz aldına bir-birinen parıqlanatuǵın processual statuslar bolıp, ámeliyatta eki túrli basqısh sıpatında alıp qaraladı.

Gúman qılınıwshı basqıshında advokattıń qatnasıwı ayrıqsha áhmiyetli esaplanadı. Sebebi, áyne usı basqıshta shaxstıń huqıqları eń kóp buzılıw itimallıǵı bar. Jınayat-processual kodekske muwapıq, gúmanlanıwshı uslanǵan waqıttan baslap advokat penen ushırasıw huqıqına iye[2]. Advokat bul basqıshta shaxsqa onıń huqıqların túsindiredi, dáslepki kórsetpeler beriwde qatnasadı hám nızamsız tásir ilajlarınıń aldın alıwǵa xizmet etedi. Usı jaǵınan advokat

---

[1] Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 29-statya
[2] Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeks, 48-statya

iskerligi profilaktikalıq-qorǵaw xarakterine iye boladı.

Ayıplanıwshı basqıshında advokattıń processual wákillikleri jáne de keńeyedi. Jınayat processual kodeksi 53-statya 1-bólimine muwapıq, qorǵawshı: máplerin qorǵap atırǵan shaxstıń nede gúman qılınıp atırǵanlıǵın yamasa ayıplanıp atırǵanlıǵın biliw; advokatlıq gúwalıǵın kórsetkennen hám belgili bir isti júrgiziwge wákilligin tastıyıqlawshı orderdi usınǵannan keyin iste qatnasıw; gúman qılınıwshı soraw qılınıp atırǵanda qatnasıw, shaxsqa ayıplaw járiyalanıp atırǵanda qatnasıw hám de ayıplanıwshı soraw qılınıp atırǵanda, sonday-aq olardıń qatnasıwında ótkeriletuǵın basqa tergew háreketlerinde qatnasıw hám de gúman qılınıwshılarǵa, ayıplanıwshılarǵa, gúwalarǵa, ekspertlerge, qánigelerge sorawlar beriw; basqa tergew háreketleri júrgizilip atırǵanda sorastırıwshı yaki tergewshiniń ruqsatı menen qatnasıw; ózi qatnasqan tergew háreketiniń júrgiziliwi haqqında jazba pikirler beriw; iltimasnama beriw hám bas tartıw; Jınayat processual kodeksi 87-statyasınıń ekinshi bólimine muwapıq dálillerdi toplaw hám usınıw; gúman etiliwshi yamasa ayıplanıwshı qatnasıwında ótkerilgen processual háreketlerge baylanıslı hújjetler menen tanısıw, sorastırıw yamasa dáslepki tergew tamamlanǵannan keyin bolsa jınayat isiniń barlıq materialları menen tanısıw hám onnan zárúr maǵlıwmatlardı jazıp alıw, materiallar hám hújjetlerden texnikalıq qurallar járdeminde óz esabınan kóshirmeler alıw yamasa olarda kórsetilgen maǵlıwmatlardı basqa formada jazıp alıw; eger qorǵawdı ámelge asırıw ushın zárúr bolsa, mámleket sırları, kommerciyalıq sır yamasa basqa sırdı óz ishine alǵan maǵlıwmat penen nızamshılıqta názerde tutılǵan tártipte tanısıw; is boyınsha keltirilgen shaǵımlar, protestler haqqında biliw hámde olarǵa qarsı pikirler bildiriw; apellyaciya, kassaciya hám reviziya instanciyası sudınıń májilislerinde qatnasıw huqıqına iye[3]. Usı wákillikler arqalı advokat ayıplawdıń tiykarlanǵanlıǵın tekseredi hám oǵan qarsı huqıqıy poziciya islep shıǵadı. Ásirese, dálillerdi bahalaw processinde advokattıń aktiv qatnasıwı ayıplaw hám qorǵaw arasındaǵı teń salmaqlılıqtı támiyinlewge xızmet etedi.

Gúman qılınıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı Jınayat processual kodeksiniń 51-statyası yaǵnıy qorǵawshı qatnasıwı shárt bolǵan jaǵdaylar boyınsha qorǵawshı kerek emes dep esaplasa hám qorǵaw huqıqın tikkeley ózi ámelge asırmaqshı bolsa da, qorǵawshı iske álbette tartılıwı lazım. Bunday jaǵdaylarda qorǵawshını gúman qılınıp atırǵan shaxs, ayıplanıwshı, sudlanıwshı ózi tańlamasa hám usınıs etpese, tergewshi, prokuror yamasa sud qorǵawshını iske tartıwǵa májbúr. Bunıń ushın olar tiyisli advokatlar kollegiyası, firması, byurosı basshısına múrájat etedi. Derlik barlıq jaǵdaylarda qorǵawshı mámleket tárepinen mirát etiledi hám óz miyneti ushın mámleket byudjeti esabınan haqı aladı[4].

Gúman qılınıwshı, ayıplanıwshını qorǵaw huqıqın támiyinlewdiń áhmiyetli elementlerinen biri nızam tárepinen oǵan sorastırıwshı, tergewshi, prokuror hám sud (sudya) nıń processual háreketi yamasa qararına belgilengen tártipte shaǵım etiw huqıqınıń beriliwi bolıp tabıladı[5]. Bul huqıqtıń ámelde háreket etiwi mámleketimizdıń shaxs huqıq hám erkinlikleri, nızam menen qorıqlanatuǵın máplerin qorǵaw menen baylanıslı máselelerdi baslı wazıypalar qatarında alıp qaraǵanlıǵınan dárek beredi.

---

[3] Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeks, 53-statya

[4] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б.102-103.

[5] Oʻzbekiston Respublikasi Oliy sudi Plenumining qarori, 19.12.2003 yildagi 17-son

Jınayat processinde gúmanlanıwshı hám ayıplanıwshınıń huqıqların nátiyjeli qorǵawda advokattıń processual qatnasıwın jáne de jetilistiriw zárúrligi bar. Ámeliyatta anıqlanǵan mashqalalardı saplastırıw maqsetinde tómendegi usınıslardı alǵa qoyıw maqsetke muwapıq.

Birinshiden, advokattı jınayat processine tartıw mexanizmin kúsheytiw zárúr. Atap aytqanda, shaxs uslanǵan dáslepki minutlardan baslap advokattıń qatnasıwın májbúriy tártipte támiyinlew arqalı gúmanlanıwshınıń fundamental huqıqları isenimli qorǵaladı. Ekinshiden, advokattıń erkin dálil toplaw wákilliklerin keńeytiw zárúr. Ámeldegi tártipte qorǵaw tárepi kóbirek passiv jaǵdayda qalıp atırǵanlıǵı sebepli, oǵan dálillerdi erkin túrde jıynaw hám processke kirgiziw imkaniyatların keńeytiw processual teńlikti támiyinlewge xızmet etedi. Úshinshiden, biypul yuridikalıq járdem sistemasın rawajlandırıw zárúr. Mámleket tárepinen tayınlanatuǵın advokatlar jumısınıń sapasın arttırıw, olardıń biyǵárezligin támiyinlew hám materiallıq qollap-quwatlaw sistemasın jetilistiriw qorǵaw institutınıń nátiyjeliligin asıradı.

Juwmaqlap aytqanda, advokat jınayat processinde gúman qılınıwshı hám ayıplanıwshınıń huqıqların qorǵawda áhmiyetli processual subyekt esaplanadı. Onıń statusı nızamshılıqta belgilengen bolsa da, ámeliyatta ayırım kemshilikler bar. Sol sebepli advokattıń processual statusın jetilistiriw, onıń wákilliklerin keńeytiw hám ǵárezsizligin támiyinlew jınayat processiniń ádilligin arttırıwǵa xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Oʻzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – T.: Oʻzbekiston, 2023
2. Oʻzbekiston Respublikasi Jinoyat-protsessual kodeksi. – T.: Adolat, 2024
3. Oʻzbekiston Respublikasining “Advokatura toʻgʻrisida”gi Qonuni. – T., 2021
4. Bazarova D. Jinoyat protsessida advokat ishtiroki: oʻquv qoʻllanma – T.: TDYU nashriyoti, 2022
5. Oʻzbekiston Respublikasi Oliy sudi Plenumining qarori, 19.12.2003 yil 17-son
6. Oʻzbekiston Respublikasi Jinoyat-protsessual kodeksiga sharhlar. Mas’ul muharrir: S.Sahaddinov. - T.: Yangi asr avlodi, 2014.